

# Kisa ki Bloke Èd pou Katastwòf Ou an? Rele Liy Enfòmasyon FEMA epi Dekouvri li

Release Date: November 18, 2021

**BATON ROUGE, La.** – Si ou aplike nan FEMA epi genyen kesyon sou pwosesis rekiperasyon ou an, genyen yon èd rapid disponib.

Ou kapab sèlman rele Liy Enfòmasyon FEMA pou Katastwòf nan **800-621-3362** (TTY **800-462-7585**) pou w konnen eta aplikasyon ou an, asistans adisyonèl ki disponib oswa jwenn repons ak lòt kesyon yo. Operatè ki pale plizyè lang yo disponib pou pran apèl. Liy yo ouvè chak jou soti nan 6 a.m. jiska 10 p.m.

Si ou pa tande nouvèl FEMA depi ou te fin aplike an, kèk kantite pwoblèn komen kapab ralanti pwosesis aplikasyon an. Pa egzanp, yo bloke kèk milye aplikasyon ki soti nan Sinistre Louisiana yo paske yo te manke dokiman. Founi dokiman nesèsè yo, epi aplikasyon kapab kòmanse avanse. Ou kapab sèlman rele Liy Enfòmasyon pou w konnen kòman.

## Rezon pou ou rele Liy Enfòmasyon an:

- **Pou jwenn èd pou kreye yon kont anliy** nan [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov)
- **Pou jwenn èd pou telechaje dokiman yo.** Yon operatè Liy Enfòmasyon kapab gide w pandan tout pwosesis la: Ale nan [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov) epi konekte w nan kont anliy ou an.
  - Telechaje dokiman an atravè seksyon Sant Telechajman ki anwo paj la apre ou fin chwazi Tip epi tip dokiman ou ap soumèt la (apèl, dokiman verifikasyon, elatriye.). Chwazi "Telechaje Kounya" pou soumèt dokimantasyon oswa pou plizyè dokiman, chwazi "Ajoute yon Lòt Dosye."
- **Ou te resevwa yon lèt FEMA, men yo pa pran ankenn desizyon.** Li lèt la ak atansyon; si ou pa konprann sa FEMA vle nou fè, rele Liy Enfòmasyon pou konprann poukisa yo pa pran ankenn desizyon. Souvan ou pral bezwen founi plis dokimantasyon. Rele Liy Enfòmasyon pou w konnen kòman pou trete demann FEMA yo pou plis enfòmasyon.



**FEMA**

Page 1 of 2

- **Ou te resevwa yon lèt epi yo te refize w èd** men ou pa konnen poukisa. Rele Liy Enfòmasyon pou konnen poukisa yo refize w èd la epi pou ede w ak apèl pou desizyon FEMA a.
- **FEMA ta dwe rele w deja.** Ekip FEMA revize tout aplikasyon yo epi rele sinistre yo pou verifye enfòmasyon yo. Apèl sa yo kapab soti nan yon nimewo ki pa anrejistre. Lè nou pa reponn apèl yon nimewo ki pa anrejistre, kandida yo kapab rate yon opòtinite pou FEMA ede yo. Lè ou reponn yon nimewo ki pa anrejistre epi moun ki rele di se manm FEMA, mande li yon nimewo idantifikasyon FEMA. Si ou pa sèten konsènan idantifikasyon moun ki rele a, oswa ou sispèk moun ki di li nan FEMA an, rele Liy Enfòmasyon FEMA a nan **800-621-3362 (TTY 800-462-7585)**. Se menm bagay la si ou ap tann apèl pou yon enspeksyon kay. Enspektè a kapab rele ak nimewo ki pa anrejistre, epi ou kapab pèdi apèl la.
- **Sitiyasyon ou chanje**, epi ou bezwen mete aplikasyon ou an ajou. Pou yon chanjman nan adrès, yon nouvo nimewo telefòn, mizajou nan enfòmasyon bankè oswa lòt chanjman, rele Liy Enfòmasyon an.
- **Pou mete enfòmasyon sou asirans ou an ajou.** Si ou te resevwa montan asirans ou an epi ou poko enfòme FEMA, oswa li pa kouvri bezwen ou yo, rele Liy Enfòmasyon pou mete aplikasyon ou an ajou.
- Si ou vle plis enfòmasyon sou pwosesis rekiperasyon an, kòman pou rekonstwi pou fè kay ou an pi fèm oswa lòt resous rekiperasyon, rele Liy Enfòmasyon an. Operatè a kapab pataje enfòmasyon sou sipò adisyonèl disponib yo nan FEMA ak asosye li yo.



**FEMA**

Page 2 of 2